



Pou Piblikasyon Imedya: 29/10/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL, MAJISTRA ADAMS, PREZIDAN AWONDISMAN BRONX LAN GIBSON, NYCEDC, 8TH REGIMENT PARTNERS AK NWBCCC SELEBRE APWOBASYON VIZYON ISTORIK POU KINGSBRIDGE ARMORY A NAN BRONX

Gouvènè Hochul, Majistra Adams ak Reprezantan Espailat te prezante nan kòmansman ane sa a plan odasye pou Kingsbridge Armory ki pral kreye yon sant kominotè dinamik nan Bronx

Pwopozisyon an gen ladan l yon espas evènman dènye kri, espas pou lwazi, espas kiltirèl ak komèsyal, espas kominotè, devlopman mendèv, ak lojman abòdab

Sipòte pa yon investisman 216 milyon dola ki soti nan eta, vil la, ak gouvènman federal, reyamenajman an pral ajoute 2.9 milya dola nan ekonomi vil la epi kreye prèske 3,600 travay

Gouvènè Kathy Hochul, Majistra Vil Nouyòk la Eric Adams, Prezidan Awondisman Bronx la Vanessa Gibson, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Devlopman Ekonomik Vil Nouyòk la (New York City Economic Development Corporation, NYCEDC) Andrew Kimball, 8th Regiment Partners (Patnè 8yèm Rejiman), ak Kowalisyon Kominotè ak Klèje Nòd wès Bronx (Northwest Bronx Community & Clergy Coalition, NWBCCC) jodi a te selebre apwobasyon Konsèy Vil Nouyòk la pou yon plan anbisyè ki vize transfòme Kingsbridge Armory (Asenal Kingsbridge) a nan Bronx pou vin yon sant pwospè ki santre sou kominote a. Pwopozisyon an — ke [Gouvènè Hochul, Majistra Adams ak Reprezantan Espailat te devwale nan kòmansman ane sa a](#) epi ki baze sou "Plan Vizyon Together for Kingsbridge" (Ansanm pou Kingsbridge) la — gen ladan l de faz. Premye faz la pral kreye yon espas evènman dènye kri pou amizman, yon espas lwazi, espas kiltirèl ak komèsyal, espas fabrikasyon endistriyèl lejè, ak plis pase 2,323 mètr kare (25,000 pye kare) espas kominotè ki dedye. Dezyèm faz la pral kreye jiska 500 inite lojman lwaye abòdab pèmanan bò kote asenal la. Gwo pwojè a, ki jwenn sipò yon investisman 216 milyon dola ki soti nan eta, vil la ak gouvènman federal la, prevwa jenere 2.9 milya dola nan enpak ekonomik pou Bronx ak kreye prèske 3,600 travay, avèk yon anfas sou anbochaj moun ki soti nan kominote lokal la.

"Vòt Konsèy Vil jodi a reprezante yon gwo etap pou rasanble kominote Bronx yo — kreye plizyè santèn kay abòdab, plizyè milye djòb lokal ki byen peye, ak yon espas

kominotè dinamik kote vwazen yo ka konekte," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè sa a te an preparasyon depi plizyè deseni, e kounye a nou finalman ap reyalize li. Kingsbridge Armory a pral rete yon poto mitan nan Bronx, ki pral ankouraje kwasans ekonomik epi ranfòse Kingsbridge Heights. Mèsi pou patnè nou yo nan gouvènman vil la ak lokal la, ansanm ak lidè kominotè yo paske yo sipòte plan anbisye sa a pandan n ap travay ansanm pou nou fini li."

Majistra Vil Nouyòk la, Eric Adams, te deklare, "Soti nan fòmasyon twoup yo pandan Premye Gè Mondyal la rive nan distribisyon manje pandan pandemi COVID-19 la, Kingsbridge Armory a te sèvi vil nou an pou plis pase yon syèk; avèk vòt jodi a, nou kòmanse travay sou pwochen chapit nan istwa dinamik li ak yon avni pi klere pou Bronx. Avèk plizyè santèn kay abòdab ak plizyè milye mètr kare espas komèsyal, kominotè ak fabrikasyon, pwopozisyon anbisye sa a pral bay Bronx espas esansyèl pou travay, viv, ak rasanble. Lòt administrasyon yo te pale sou transfòmasyon espas sa a; administrasyon nou an reyalize li. Mèsi a tout plizyè milye manm kominote yo ki te bay opinyon yo sou lavni asenal la ak lidè kominotè yo ki te sipòte li."

Prezidan Minisipalite Bronx, Vanessa L. Gibson, te deklare, "Avèk reyimajinasyon Kingsbridge Armory a, n ap wè opòtinite lojman abòdab, djòb sendikal ki peye byen avèk chemen ki mennen nan klas mwayèn nan, espas lwazi pou jèn ak fanmi, sipò pou ti biznis, ak yon angajman reyèl pou devlopman ekonomik ekite nan Bronx ke nou pa t wè depi plizyè deseni. Mèsi a Prezidan Konsèy Vil Nouyòk Adrienne Adams, Lidè Majorite Amanda Farias, Manm Konsèy Pierina Sanchez, manm Delegasyon Bronx lan, ak tout Konsèy Vil Nouyòk la pou vòt jodi a pou fè avanse plan transfòmasyon sa a. Mwen vle eksprime rekonesans mwen tou bay Gouvènè Kathy Hochul, Majistra Eric Adams, Kongresman Adriano Espaillat, Kòporasyon Devlopman Ekonomik Vil Nouyòk, 8th Regiment Partners, ak Kowalisyon Kominote ak Klèje Nòdwès Bronx pou patenarya yo ak sipò kontinyèl yo nan avanse pwojè istorik sa a. Reyamenajman moniman sa a nan kè Nòdwès Bronx lan se yon temwayaj sou angajman pataje nou pou rale envestisman san parèy tounen nan awondisman nou an, pandan n ap reyalize plan detaye ki nan Plan Vizyon *Together for Kingsbridge* la."

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Anons jodi a se yon etap siyifikatif nan reyamenajman Kingsbridge Armory a e li pral gen yon gwo enpak pozitif sou rezidan ki rele Bronx lakay yo," Reprezantan Adriano Espaillat te deklare (NY-13). "Mwen rekonesan pou m te kapab mete tèt mwen ansanm ak Gouvènè Nouyòk la, Hochul, epi mwen felisite tout ofisyèl eli ki enplike nan pwojè a pou efò kolektif yo pou sipòte restorasyon moniman ikonik sa a nan distri mwen an. Mwen pa ka tann pou m wè benefis ak opòtinite li pral pote pou kominote a epi, an jeneral, pou Vil Nouyòk la."

Prezidan & Direktè Egzekitif Jeneral NYCEDC la, Andrew Kimball, te deklare, "Vòt konsèy jodi a se yon viktwa pou Kingsbridge Heights ak pou Bronx, epi li prèske garanti ke vil la kapab avanse nan reyamenajman istorik Kingsbridge Armory a pou vin yon sant dinamik, ki gen plizyè itilizasyon k ap finalman anonse yon nouvo epòk pou sit sa a. Pandan twa dènye ane yo, NYCEDC te travay nan tèt kole ak eli yo, moun ki gen

enterè yo, ansanm ak kominote a pou asire ke yon nouvo devlopman nan ansyen asenal la satisfè bezwen kominote a. Apre vòt jodi a, patnè devlopman nou an, 8th Regiment Partners, kapab kòmanse travay sou yon delè konstriksyon ak finalman òganize seremoni pou kòmanse travay yo."

Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Kingsbridge Armory te lontan yon senbòl fòs ak detèminasyon nan Bronx. Avèk apwobasyon Konsèy Vil la jodi a, nou ap onore istwa sa a pandan n ap louvri nouvo opòtinite pou kwasans ekonomik, pou ranfòsman kominotè ak pou devlopman enklizif. Avèk lidèchip Gouvènè Hochul, investisman Eta a ap ede kreye bon djòb ki peye byen, lojman abòdab, epi yon espas dinamik ki sipòte biznis lokal yo ak elaji opòtinite travay pou rezidan Bronx yo. Nou rekonesan anvè eli lokal nou yo ak patnè kominotè nou yo pou angajman yo nan yon pwosesis piblik kote tout moun patisipe, ki asire devlopman sa a reflekte bezwen ak rèv kominote Kingsbridge Heights la. Nou ap bati yon avni ki pi solid lè nou investi nan pwojè ki mete kominote yo an premye epi asire tout moun Nouyòk pwofite de siksè yo ede kreye a."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Apwobasyon pwojè devlopman Kingsbridge Armory ki vo 216 milyon dola a pral transfòme espas sa a an yon sant kiltirèl ak kominotè, pandan l ap kreye tou opòtinite pou tout katye a pwospere. Soti nan 500 kay abòdab rive nan espas amizman ak lwazi ki toupre yo, gras ak vizyon vanyan Gouvènè Hochul ak patnè nou yo, plan sa a pral transfòme Bronx pou plizyè jenerasyon k ap vini."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Rekonstriksyon Kingsbridge Armory pral pote yon kwasans ekonomik ki gen anpil valè, lojman abòdab, epi kreye plizyè milye djòb nan Bronx. Pwojè sa a make yon nouvo chapit pou sit istorik sa a nan kominote a epi li pral ede pouse ekonomi lokal la pi devan. M ap kontinye travay pou jwenn finansman ki fè pwojè transfòmasyon tankou sa a posib pou kominote atravè tout Nouyòk yo."

Lidè Majorite, Amanda Farías, te deklare, "Depi lontan, Kingsbridge Armory te kanpe kòm yon senbòl potansyèl ki poko eksplwate nan awondisman nou an. Renouvèlman sa a finalman transfòme potansyèl sa a an opòtinite — li te kondwi pa opinyon plis pase 4,000 rezidan Bronx pou asire bon djòb, lojman abòdab, pwogram pou jèn, ak devlopman ti biznis kòm eleman santral li. Nou asire angajman pou anbochaj lokal, salè sendikal, ak pwoteksyon pou ti biznis ki egziste depi lontan - paske reyamenajman ki amelyore kominote a, san l pa deplase l, se veritab pwogrè. Sa pa t ap posib san lidèchip solid Manm Konsèy Pierina Sánchez. Mwen fyè dèske mwen te travay bò kote li kòm Prezidan pou fè sa tounen yon siksè pou Bronx, epi mwen pa ka tann pou m wè pwojè sa a pote benefis pou kominote nou pou jenerasyon k ap vini yo."

Manm Asanble George Alvarez, te deklare, "Reyamenajman Kingsbridge Armory a se yon viktwa pou kominote nou an nan Bronx. Lè nou kreye espas dedye pou rekreyasyon, kilti, ak pwogram lokal, pwojè sa a asire ke rezidan nou yo, pa sèlman vizitè yo, benefisye de moniman istorik sa a. Sa a se yon vre egzanp reyamenajman ki fèt ak kominote a, pou kominote a."

Manm Asanble Yudelka Tapia te deklare, "Vòt Konsèy Vil la jodi a make yon pa istorik annavan pou Bronx. Pandan plizyè dizèn ane, Kingsbridge Armory te rete tankou yon rapèl sou sa kominote nou an merite. Devlopman sa a pral transfòme sit istorik ki te vid depi lontan sa a pou vin yon sant pou lojman abòdab, bon djòb, lwazi, ak kilti. Sa konsène asire fanmi Bronx yo gen yon veritab patisipasyon nan avni k ap bati isit la menm lakay yo. M kontan pou m kontinye travay ak rezidan nou yo, responsab eli yo, ak lòt moun ki gen enterè nan kominote a pou fè plan sa a tounen yon reyalite."

Manm Asanble Jeffrey Dinowitz te deklare, "Plan pou sit istorik Kingsbridge Armory la ap finalman avanse. Mwen kontan anpil. Mwen depi lontan ap sipòte lide pou transfòme li an yon espas pou amizman, lwazi, kilti, aktivite komèsyal, fabrikasyon, ak itilizasyon kominotè. Anplis plizyè milye travay pwojè sa a pral kreye, li pral pote transfòmasyon pou Kingsbridge Heights ak tout Bronx. Kòm mwen te grandi pa lwen Asenal la, mwen pa ta ka plis kontan, e mwen rekonesan anvè tout moun ki te patisipe pou fè sa rive."

Manm Konsèy Vil Nouyòk la, Pierina Sanchez, te deklare, "Pou mwen, vòt jodi a trè pèsònèl. Kòm mwen te grandi nan lonbraj Kingsbridge Armory a, mwen konnen sa estrikti sa a reprezante: gwo potansyèl kominote nou an, plizyè deseni neglijans, e kounye a pwomès yon avni miyò pou pèp nou an ak Bronx la. Depi nan kòmansman, mwen te angaje anpil pou asire pwosesis kominote a dirije pwosesis sa a, lè m te fasilite anpil diskisyon ak rankont ant eli yo, ajans vil la, devlopè a, ak yon gran varyete moun ki gen enterè lokal; bay temwayaj nan chak odyans pandan tout pwosesis revizyon piblik la; epi asire ke priyorite kominote nou an te rete nan sant tout desizyon jiska vòt final la. Twò souvan, kominote tankou pa nou yo rete dèyè. Yon pwojè reyamenajman nan anplè sa a trè ra nan distri mwen an; kidonk lè opòtinite yo parèt, li esansyèl pou nou rete fidèl ak sa pèp nou an ap mande depi lontan—e sa yo merite. Ansanm, nou genyen yon pwojè ki pral pote sa mwen konnen ki posib nan Lwès Bronx: yon avni dapre kondisyon pa nou. Mwen pa ta ka pi fyè."

Nan mwa jen 2025, sou baz pwopozisyon ki te genyen an, Regiment Partners ak NWBCCC te anonse yon akò kolaboratif san parèy avèk ekip devlopman an pou patisipe nan pwojè a epi ede maksimize patisipasyon ak pwopriyete kominote a. Akò a angaje pou kenbe estanda anviwònman ki wo epi li mete aksan sou pwopriyete kominote a nan kreye yon Konsèy Kominotè, kote NWBCCC ap konvoke ansanm avèk lòt patnè yo. Konsèy sa a pral bay opinyon kontinyèl sou melanj lokatè yo, pwogramasyon, ak lòt estrateji pou investisman nan kominote a. Anplis, yon Fon Benefis Kominotè, ki finanse atravè revni pwojè a epi Konsèy Kominotè a gouvènè, pral sipòte investisman lokal alontèm nan inisyativ ki vize kreye richès ak pwopriyete kominotè. Yon Memorandòm Konpreyansyon te siyen nan mwa jen ant NWBCCC ak 8th Regiment Partners, yon antrepriz konjwen ki gen Madd Equities ak Joy Construction ladan li.

Premye faz reyamenajman an santre sou Drill Hall nan Asenal la, ki gen 16,723 mètr kare (180,000 pye kare) san kolòn, epi li pral gen ladan yon devlopman plizyè itilizasyon

ak yon espas evènman avanse, espas lwazi, espas kiltirèl ak komèsyal, ansanm ak plis pase 2,323 mètr kare (25,000 pye kare) ki rezève pou kominote a. Yo espere kòmanse premye faz la an 2026 epi fini li an 2030. Dezyèm faz la gen ladan reyamenajman sit Gad Nasyonal ki toupre a, ki pral kreye jiska 500 inite lojman lwaye pèmanan abòdab toupre Asenal la, epi yo espere fini li an 2032.

Reyamenajman Kingsbridge Armory a jwenn sipòte yon [envestisman 200 milyon dola nan men Majistra Adams ak Gouvènè Hochul](#), 3 milyon dola nan men Prezidan Awondisman Bronx Vanessa Gibson, 12 milyon dola nan men Manm Konsèy Vil Nouyòk Pierina Sanchez, ak yon sibvansyon 1.05 milyon dola nan men Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Department of Housing and Urban Development) Etazini avèk sipò Reprezantan Espaillat. Konstriksyon an pral fèt dapre yon akò travay pwojè, ki garanti salè ak benefis jis pou travayè konstriksyon yo.

Depo Armory Kingsbridge la ouvri an 1917 epi lame Etazini an te itilize l jiska 1994 anvan li te retounen kòm pwopriyete vil la an 1996. Asenal la te deziyen kòm yon Monimman Vil Nouyòk an 1974 epi yo te mete l sou lis Rejis Nasyonal pou Lokal Istorik yo an 1982. Pandan dènye deseni an, Kingsbridge Armory te sèvi kòm yon sant distribisyon manje ak pwovizyon ijans apre Siklòn Sandy, pandan pandemi COVID-19 la, ak apre dife nan Twin Parks.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)